# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–30 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अध्यक्षता में आजु केन्द्रीय मंत्रिमंडल क नई दिल्ली में बइठकी भइल। पहलगाम आतंकी हमला के बाद मंत्रिमण्डल क ई पहिली बइठकी रहल। केन्द्रीय मंत्री अश्विनी वैष्णव बतवलें कि राजनीतिक मामिलन क कैबिनेट समिति फैसिला लिहले हौ कि आवे वाला जनगणना में जातीय जनगणनों सामिल होखे के चाही।

श्री वैष्णव बतवलें कि मंत्रिमण्डल दुइ हजार पचीस–छब्बीस बदे गन्ना क न्यूनतम मूल्य तीनि सौ पचपन रूपिया प्रति कुंतल तय कइले हौ। ई एगो बैंचमार्क हौ अउर ए से निच्चे के दाम पर गन्ना क खरीदि नाही होई। अजुये मंत्रिमण्डल क सुरक्षा कार समिति क बइठकियो हो सके ले एहसे पहले पहलगाम आतंकी हमला के मद्देनजर प्रधानमंत्री आवासो पर काल्हि एगो उच्चस्तरीय बइठकी भइल। बइठकी में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह, राष्ट्रीय सुरक्षा सलाहकार अजीत डोभाल, रक्षा प्रमुख अनिल चौहान अउर तिन्नो सेना क प्रमुखो मौजूद रहलें।

**********

प्रदेस के चारि सौ पचासवां डाकघर पासपोर्ट सेवा केन्द्र क सुरूआति कुशीनगर जिला में हो गइल हौ। केन्द्रीय बिदेस राज्य मंत्री कीर्तिवर्धन सिंह अउर केन्द्रीय ग्रामीण विकास आ संचार मंत्री डॉक्टर चन्द्रशेखर पेम्मासानी आजु एकर उद्घाटन कइलें। येह मौका पर बिदेस राज्य मंत्री कीर्तिवर्धन सिंह कहलें कि पासपोर्ट क सज्जो सेवा येह सेवा केन्द्र पर उपलब्ध होई।

**हम लोगों ने इसमें डिजीटाइजेशन कर दिया है, हर तरह के आसानी कर दी है कि जनता को दूर दूर भटकना न पड़े और इस सारी चीजों का भी हम लोग मन से डिटेल में जनता के सामने भी और आप लोगों के सामने रखेंगे कि किस तरह से हमारी सरकार पासपोर्ट सेवा को आसान करने के लिए, सुलभ करने के लिए जनता के लिए कितने महत्वपूर्ण कदम उठाए गए हैं।**

येह मौका पर पूर्व केन्द्रीय मंत्री आरपीएन सिंह, सांसद विजय दुबे अउर जगदम्बिका पाल के सथहीं बिदेस मंत्रालय क कई गो सीनियर अधिकारी मौजूद रहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर अइले के दुसरका दिन्ने गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता दरसन कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह दौरान श्री योगी प्रदेस के कई जिलन से आइल दुइ सौ लोगिन के समेस्या सुनलें अउर सम्बन्धित अधिकारियन के समेस्या क जल्दिये निस्तारण बदे निरदेसित कइलें।

**********

काउन्सिल फॉर द इंडियन स्कूल सर्टिफिकेट एग्जामिनेशन–सीआईएससीई, आईएससीई के दसवीं कक्षा अउर आईएससी के बारहवीं कक्षा क रेजल्ट घोसित कइ दिहले हवे। दुइ लाख पचास हजार से बेसी विद्यार्थी दसवीं क अउर निन्यानबू हजार पांच सौ एक्यावन विद्यार्थी बरहवीं क परीक्षा दिहले रहलें। दसवीं में निन्यानबे दसमलव तीनि–सात फीसदी के साथे छात्रा लोगि छात्रन से बढ़ियां परदरसन कइले हइनि। ओहर बरहवीं के परीक्षो में लइकनी बाजी मरले हइनि। निन्यानबे दसमलव चारि–पांच फीसदी छात्रा पास भइलि हइनि। ओहीं छात्रन के पास भइले क प्रतिसत अट्ठानबे दसमलव छौ–चारि रहल हौ।

**********

पहिला विश्व ऑडियो विजुअल एंटरटेनमेंट शिखर सम्मेलन – वेव्स बिहने से मुंबई के जियो वर्ल्ड कन्वेंशन सेंटर में सुरू होई। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी एकर उद्घाटन करिहें। ई चारि दिन क कार्यक्रम श्रव्य–दृस्य अउर मनोरंजन उद्योग के भविस्य पर चरचा बदे वैस्विक मंच देई। प्रस्तुत हौ एगो रिपोर्ट–

**यह शिखर सम्मेलन मनोरंजन, प्रतिभा और रचनात्मकता के क्षेत्र में भारत की अपार संभावनाओं को दुनिया के सामने प्रदर्शित करने का एक अवसर प्रदान करेगा। सम्मेलन में दुनियाभर के शीर्ष मीडिया सीईओ, मनोरंजन जगत की बड़ी हस्तियाँ एक साथ आएंगे। इस कार्यक्रम में सौ देशों के लगभग पांच हजार प्रतिनिधियों के भाग लेने की उम्मीद है। इसके अलावा कई दिग्गज कलाकारों अमिताभ बच्चन, रजनीकांत, चिरंजीवी, मोहन लाल, नागार्जुन, शाहरुख खान, अनिल कपूर, अक्षय कुमार, आलिया भट्ट और आमीर खान शिखर सम्मेलन में भाग लेंगे। इस सम्मेलन में लोगों को भारत के साथ–साथ दुनिया के कई हिस्सों की कला, संस्कृति और सिनेमा की झलक देखने को मिलेगी। दीपेन्द्र कुमार, आकाशवाणी समाचार, मुम्बई।**

**********

अक्षय तृतीया के तिउहार के मौका पर आजु उत्तराखण्ड के उत्तरकाशी जिला स्थित गंगोत्री अउर यमुनोत्री धाम क कपाट रिवाज के मोताबिक वैदिक मंत्रोच्चार के साथे सरधालुअन बदे खोलि दीहल गइल। एकरे सथहीं चारधाम जतरा क सुरूआतो हो गइल हौ। उत्तराखण्ड क मुख्यमंत्री पुष्कर सिंह धामी गंगोत्री धाम पहुचि के मां गंगा क दरसन कइलें। उहां के कहलीं कि चारधाम जतरा पर आवे वाले सरधालुअन क जतरा असान बनावे बदे खास इंतिजाम कइल गइल हौ। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदियो आजु अक्षय तृतीया के मौका पर सबके सुभकामना दिहले हवें।

**********